

Enfòmasyon Enpòtan konsènan Règleman anrapò ak Eskoutè Elektrik

14 Novanm 2023

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Sezon otòn sa a, nou konstate gen yon ogmantasyon nan rapò ki fèt chak jou konsènan konpòtman riske epi danjere ki enplike veyikil mikwomobilite elektrik. Nou ekri pou fè nou sonje **eskoutè elektrik ak lòt aparèy mikwomobilite yo se veyikil, sa vle di moun ki ap itilize yo a dwe respekte menm règ sikilasyon ak veyikil ki gen motè yo.**

Si w ap kondui yon eskoutè elektrik, nou ap fè w sonje se responsablite w pou fè sa an sekirite, nan respè lalwa, epi yon fason ki responsab, epi, si w pa fè sa, sa kapab lakoz ranvwa, kontravansyon oswa yon amann.

- Kondui dousman epi ak prekosyon
- Kite pasaj pyeton yo
- **Kanpe nan pano pou kanpe yo** epi tann pasaj pa w
- Pa fè devyasyon pou kontoune machin yo
- Rete nan yon distans omwen 3 pye parapò ak lòt machin yo lè w ap depase yo sou wout la
- Mache sou twotwa yo

Depatman Lapolis University of Maryland lan gen responsablite pou fè respekte sikilasyon machin yo an konfòmite avèk Kòd Transpò Maryland [§ 11-104 \(2022\)](#) ak [§ 21 \(2022\)](#); moun ki vyole Kòd la kapab resevwa avètisman, oswa kontravansyon epi yon amann. Epitou, si yon elèv gen konpòtman danjere paske li vyole **Kòd Konduit Elèv yo**, nou kapab **soumèt** yon ranvwa pou elèv la bay Biwo pou Konduit Elèv yo (Office of Student Conduct) pou yo egzamine.

Sonje ou pa kapab estoke, itilize oswa chaje aparèy mikwomobilite elektrik yo nan rezidans yo oswa nan bilding akademik yo.

Epitou, se sèlman nan sipò pou bisiklèt yo, ou dwe pakin bisiklèt ak eskoutè elektrik yo. Tanpri, pa bloke chemen aksè yo lè w lòk veyikil ou a nan yon ranp, lè w bloke yon ranp aksè pou chèz woulant, oswa lè w pakin sou yon twotwa oswa devan arebò yon twotwa - **vyolasyon** sa yo kapab lakoz yo remòke veyikil ou a san pèdi tan.

Pou fini, nou ankouraje chofè eskoutè elektrik yo, moun sou bisiklèt yo ak pyeton yo mete rad ki klè oswa ki gen koulè vif, yon fason pou moun wè yo lè yo ap deplase lannuit. Prekosyon sa a sitou enpòtan etandone se nou tout gen posibilite pou pa wè limyè jou a nan mwa ki ap vini yo.

Se nou tout chofè, moun sou bisiklèt ak pyeton yo ki pataje wout ki sou kanpis la. An nou veye youn sou lòt, epi an nou rete an sekirite, Terps!

Sensèman,

Carlo Colella

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

David B. Mitchell

Chèf Lapolis/Direktè Sekirite Piblik

John David Allen

Direktris Egzekitif, Depatman Sèvis Transpò